

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Tina hasil ieu panalungtikan , kapanggih yén métode kolaborasi dina pangajaran nulis résensi novél siswa kelas XII SMA Negeri 24 Bandung baris dilaksanakeun. Sanggeus nganalisis jeung ngolah data tina hasil nulis résensi siswa, ngaliwatan panalungtikan tindakan kelas dina siklus I, II, jeung III yén métode kolaborasi téh éfektip.

Katingali ayana babandingan anu signifikan antara hasil kamampuh nulis résensi ti siswa kelas XII SMA Negeri 24 Bandung hususna kelas IPS 2 dina siklus I, II, jeung III. Hasil kamampuh nulis résensi novél siswa dina siklus I meunang peunteun rata-rata sagede 56,19 dina siklus II meunang peunteun rata-rata sagede 60,13 jeung dina siklus III meunang peunteun rata-rata sagede 70,51.

Sabada ngalakukeun panalungtikan bisa dicindekeun yén pangajaran nulis résensi novél ngagunakeun métode kolaborasi ngahasilkeun peunteun nu alus. Ku kituna, siswa kelas XII SMA Negeri 24 Bandung hususna kelas IPS 2 dianggap mampu nulis résensi novél.

## 5.2 Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur, dina ieu panalungtikan ditepikeun saran-saran saperti ieu di handap:

- Modél pangajaran ngagunakeun métode kolaborasi mangrupakeun alternatif anu bisa diterapkeun dina pangajaran nulis résensi.
- Guru dipiharep bisa ngondisikeun kelas sangkan leuwih hirup ku ayana komunikasi jeung ngamotivasi siswa.
- ~~Dipiharep~~ pikeun siswa bisa numuwuhkeun sikep gawé bareng.
- Siswa bisa nganalisis jeung ngapresiasi keun hasil karya babaturahana.
- Pikeun ningkatkeun minat siswa dina nulis, dipiharep guru bidang studi basa Sunda bisa méré arahan kana kamampuh siswa anu positip hususna dina pangajaran nulis.

